# आकाशवाणी, गोरखपुर

**<u>दिनांक–16 जून 2024</u>** **<u>भोजपुरी समाचार</u>**

गोरखपुर दौरा में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर हाता में जनता दरसन क आयोजन कइ के करीब साढ़े तीनि सौ लोगिन से भेंटि कइलें। मुख्यमंत्री उनकर समेस्या सुनलें अउर एकरे निपटारा बदे सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेसित कइलें। जनता दरसन में गम्भीर बेमारी के इलाजि में आरथिक मददि क गुहार ले के पहुंचल लोगिन के भरोसा दिहलें कि इलाज में भरपूर सहजोग रासि उपलब्ध करावल जाई।

**********

कुवैत में पछिला दिनन भइल एगो अगिलग्गी के घटना में गोरखपुर क दुइ जने अंगद गुप्त अउर जयराम गुप्तो क मउति हो गइल रहे। काल्हि उनके सव के गोरखपुर ले आ के अन्तिम संस्कार कइल गइल। येह बिच्चे आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखनाथ मंदिर में दुन्नो मृतक क परिजन लोगिन से भेंटि कइलें अउर उन्हें पांच–पांच लाख रूपिया क आरथिक सहजोग क चेक दिहलें। मुख्यमंत्री पछिला दिनन जम्मू के शिवखोड़ी में भइल आतंकी हमला में घाही गोरखपुर क सरधालुअनों से भेंटि कइलें। चारि घाही लोगिन के उहां के एक–एक लाख रूपिया क सहजोग रासि दिहलीं।

**********

तिसरा बेरि प्रधानमंत्री बनले के बाद नरेन्द्र मोदी अट्ठारह जून के अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी पहुंचि रहल हवें। येह दौरा पर उहां के सम्मेलन के जरिये अन्नदाता किसानन से बातचीत करबि। सथहीं नौ करोड़ से बेसी किसानन के बैंक खातन में प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क सतरहवीं किस्ति जारी करबि। किसान सम्मेलन में सम्बोधित कइले के बाद प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बनारस क काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन–पूजन कइ के विस्व विख्यात गंगा अरतियो क अवलोकन करबि।

**********

प्रदेस में गंगा दसहरा क पावन तिउहार आजु सरधा भाव से मनावल जा रहल हौ। हर वर्ग क सरधालु गंगा आ अउरियो पवित्र नदियन के घाटन पर आपन सरधा अरपित करे बदे अन्हमुन्हरवें से उमड़ि परल हवें। गंगा दसहरा पर पेस हौ हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***त्योहार के मद्देनजर सुरक्षा व्यवस्था कड़ी कर दी गई है, गंगा दशहरा पर पुलिस नदी के किनारों और घाटों पर चौकसी बरत रही है। घाटों पर अतिरिक्त पुलिस और गोताखोरों को तैनात किया गया है। अमरोहा, मेरठ, कानपुर, फर्रुखाबाद, प्रयागराज, गाजीपुर और बलिया जैसे प्रमुख शहरों में गंगा नदी के घाटों पर सुबह से ही हजारों श्रद्धालु पहुंचने लगे। देश भर से होली में डुबकी लगाने के लिए आने वाले श्रद्धालुओं के लिए वाराणसी में सभी 84 घाटों पर विशेष व्यवस्था की गई थी। गंगा दशहरा को गंगावतरण भी कहा जाता है क्योंकि यह गंगा के पृथ्वी पर पवित्र अवतरण का उत्सव है, ऐसा माना जाता है कि यह इस शुभ दिन पर हुआ था। सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी समाचार लखनऊ***

**********

देस में नया आपराधिक कानून एक जुलाई से लागू हो जाई। एहमन भारतीय न्याय संहिता, बीएनएस दुइ हजार तेइस में चिकित्सकन के अनावस्यक उत्पीड़न से बचावे बदे खास प्रावधान कइल गइल हौ। येह संहिता क धारा एक सौ छौ–एक में ई उल्लेख हौ कि एगो पंजीकृत चिकित्सक के चिकित्सकीय लापरवाही बदे दुइ सालि ले क जेलि अउर जुरमाना से दण्डित कइल जाई। बीएनएस कवनहूं चिकित्सा प्रक्रिया के निस्पादित करत के जल्दबाजी चाहे लापरवाही से मउति क कारन बने वाले चिकित्सकन बदे कम सजा क प्रावधान करे ला।

**********

संघ लोक सेवा आयोग की ओरि से यूपीएससी सिविल सेवा दुइ हजार चउबीस प्रारम्भिक परीक्षा आजु प्रदेस के कई जिलन में कई परीक्षा केन्द्रन पर दुइ पाली में सम्पन्न भइल। परीक्षा बदे लखनऊ में सत्तासी अउर गोरखपुर में अड़तीस परीक्षा केन्द्र बनावल गइल रहल। पहिली पाली में सबेरे साढ़े नौ बजे से साढ़े ग्यारह बजे ले अउर दुसरी पाली में दुपहरिया अढ़ाई बजे से साढ़े चारि बजे ले इंतिहान भइल। गौरतलब हौ कि यूपीएसई प्रारम्भिक परीक्षा छब्बीस मई के होखे के रहल बाकिर आम चुनाव के नाते एके सोरह जून ले टारि दिहल गइल रहल।

**********

एक्कइस जून के मनावल जाये वाला अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के उपलक्ष्य में काल्हि से प्रदेस भर में योग सप्ताह क सुभारम्भ भइल हौ। येह सप्ताह में आजु दुसरको दिन सज्जो जिलन में आयोजित विभिन्न योग सिविरन में लोगिन के असान, धियान अउर प्राणायम क अभ्यास करावल गइल।

**********

गंगा दसहरा परब पर आजु मिर्जापुर जिला क चिल्ह थान्हा क्षेत्र क डिंगूर पट्टी गांव क गंगा नदी में नहाये गइल चारि लइकनीं डूबि गइलिनि। नदी किनारे मौजूद लोगि दुइ लइकनी के बचा लिहलें बाकिर अउरियो दुइ क डूबले से मउति हो गइल। गोताखोरन के मददि से दुइ क सव नदी से बहरे निकारल गइल। ओहर बलिया क शिवपुर घाट पर नहाये आइल चारि युवक अउर एगो युवती गंगा नदी में डूबि गइलिनि। पुलिस ओइजा क नाविकन क मददि से उनकर खोजि कै रहलि हौ।

**********

प्रदेस क सज्जो जिला येह समय भीसण गरमी के चपेटा में हौ। बीतल चउबीस घंटा में कई जिलन में अधिकतम तापमान तैंतालीस डिगिरी सेल्सियस के उप्पर दरज कइल गइल। दिन के सथहीं राति क गरमियो बरकरार हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग भीसण गरमी के ले के ओन्इस जून ले राज्य क सज्जो हिस्सन बदे रेड अलर्ट जारी कइले हौ। बीस जून से प्रदेस क सज्जो हिस्सन में हल्लुकाहे बरखा क दौर सुरू भहले क आगम हौ।

**********